С Е Р И Я  2:7

# БЕСИНШИ КУРС



***«Онда тамыр жайып ҳәм тикленип, өзлериңиз үйренгендей, исенимде беккемленип барыңлар ҳәм Қудайға сансыз шүкирлик билдириңлер»***
***Колос. 2:7***

Жәмәәттиң қатардағы ағзаларына арналған оқыў бағдарламасы

# 2:7 СЕРИЯ 5-КУРС

## Мазмуны

### МАҒЛЫЎМАТТЫ ҮЙРЕНИЎ КҮНДЕЛИГИ


**1-САБАҚ**

Төртинши курстың мақсетлерин көзден өткериў .................................... 5

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - биринши ҳәпте .............. 6

Бул курстағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын тематикалық дүзилис ........................................................................................................ 8

Түсиниў ушын сораўларды қалай дүземиз ............................................... 9

Өмирде үйрениўге қолланыў ушын сораўларды қалай дүземиз ............... 13

**2-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - екинши ҳәпте ................ 16

«Қудайдың тийкарлары» темасы бойынша қолланыў ҳәм түсиниў ушын сораўлар ........................................................................................ 17

**3-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - үшинши ҳәпте .............. 19

«Қудайдың тийкарлары» темасы бойынша қолланыў ҳәм түсиниў ушын сораўлар (даўамы) ........................................................................ 20

**4-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - төртинши ҳәпте ........... 22

«Қудай сөзиниң абройы» темасы бойынша қолланыў ҳәм түсиниў ушын сораўлар ........................................................................................ 23

**5-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - бесинши ҳәпте ............. 24

«Қудай сөзиниң абройы» темасы бойынша қолланыў ҳәм түсиниў ушын сораўлар (даўамы) ...................................................................... 25

**6-САБАҚ**

Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - алтыншы ҳәпте ........... 27

«Мухаддес Руўх» темасы бойынша қолланыў ҳәм түсиниў ушын сораўлар ........................................................................................ 28

**7-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - жетинши ҳәпте .......... 29
ӨСИП ти қурайтуғын бөлимлерди қайталаў ....................................... 30

**8-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - сегизинши ҳәпте ....... 32

**9-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - тоғызыншы ҳәпте ..... 34
Жумыслар дизимин қалай пайдаланамыз ............................................ 34
Күнделикли ҳәм ҳәр ҳәптелик жобаластырыў ....................................... 36

**10-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - онына ҳәпте .......... 40
Аятлардың силтемеси ҳәм темасы бойынша өзин-өзи тексериў ......... 41

**11-САБАҚ** ........................................................................ 43

**12-САБАҚ**
«ИСЕНИМНИҢ НЕГИЗИ», оқыўшылық этапы, 5 китап ................. 45
Қудайдың тийкары ...................................................................... 46
Қудай сөзиниң абройы ................................................................ 52
Мухаддес Руўх ........................................................................... 59
Руўхый гүрес .............................................................................. 66
Масихтың қайта келиўи .............................................................. 73

**Оннан кейингилери**
Мухаддес Китапты оқығанда жазылатуғын күнделик
Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги
Дуўа еткенде алынған жуўапларды жазатуғын бетлер

# Мағлыўматларды үйрениў күнделиги

Топар ағзаларынан сиз үйренип атырған мағлыўматты қалай орынлап атырғанынызды тексериўин ҳәм ҳәр бөлимге тексерген күнин ҳәм қолын қойыўын сораң.

| МУХАДДЕС ЖАЗЫЎДЫ ЯДЛАП АЛЫЎ | ҚОЛЫ | КҮН |
|---|---|---|
| *Масихтың шәкирти болың*<br>Г-1-12 сериясындағы ядлаў ушын аятлар | | |
| «Масихтың басшылығында» Матта 6:33 | | |
| «Масихтың басшылығында» Лука 9:23 | | |
| «Дүньяға еликлемеңлер» Юханның 1-х 2:15-16 | | |
| «Дүньяға еликлемеңлер» Рим. 12:2 | | |
| «Беккем болың» Коринф. 1-х 15:58 | | |
| «Беккем болың» Еврей. 12:3 | | |
| «Басқаларға хызмет етиң» Марк 10:45 | | |
| «Басқаларға хызмет етиң» Коринф. 2-х 4:5 | | |
| «Сақыйлық пенен бериңлер» Нақ. мақ. 3:9-10 | | |
| «Сақыйлық пенен бериңлер» Коринф. 2-х 9:6-7 | | |
| «Дүньяға гуўалық етиң» Елшилер 1:8 | | |
| «Дүньяға гуўалық етиң» Матта 28:19-20 | | |
| Г 1-12, «Масихтың шәкирти болың» темасындағы ҳәмме аятларды цитаталып айтып бердим. | | |
| «Қудайға исениң» темасындағы аятларды, В 1-12 ни 14 күн аралығында қайталадым (4-курс) | | |
| «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» аятларды, Б 1-12 - ни 14 күн аралығында қайталадым (3 курс) | | |
| «Жаңа өмир менен жасаң» бөлиминдеги, А 1-12 ни «Масих пенен бирге баслаў» темасындағы аятларды қайталадым (1 курс) | | |
| Тема ҳәм силтемелер бойынша тексериў жумысындағы 100% дурыс жуўаплар | | |

## ҚУДАЙ МЕНЕН ЖАЛҒЫЗ ҚАЛЫЎ ЎАҚТЫ

| | | |
|---|---|---|
| 14 күн аралығында Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти жүргиздим | | |

## ГУЎАЛЫҚ

| | | |
|---|---|---|
| Жеке гуўалық ямаса көпир сүўретлемесиниң жәрдеминде исенбеўшилер менен исенимимди бөлистим ҳәм сабақта нәтийжеси ҳаққында айтып бердим. | | |

## МУХАДДЕС КИТАПТЫ ҮЙРЕНИЎ БОЙЫНША ҚОЛЛАНБА: «ИСЕНИМНИҢ НЕГИЗИ»

(«Оқыўшылықтың этапы» 5-китап)

| | | |
|---|---|---|
| 1-бап-Қудайдың тийкары | | |
| 2-бап-Қудай сөзиниң абройы | | |
| Бул тема бойынша бес сораўға жуўап бердим. | | |
| 3-бап-Мухаддес Руўх | | |
| Бул тема бойынша бес сораўға жуўап бердим. | | |
| 4-бап-Руўхый гүрес | | |
| 5-бап-Масиҳтың қайта келиўи | | |

## БАСҚАЛАРЫ

| | | |
|---|---|---|
| ӨСИП-Жеке гуўалық. | | |
| ӨСИП-дуўа еткенге жуўаплар | | |
| Жумыслар дизимин жети мәрте пайдаландым | | |

## ТОПАР ЖЕТЕКШИСИНИҢ ТЕКСЕРИЎИ

| | | |
|---|---|---|
| 5 - курсты питкердим | | |

# 1-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Төртинши курстың мақсетлерин көзден өткериў» бөлимин қарап шығың (4-курстағы 78 бет).
2. Мағлыўматларды үйрениў күнделигине қарап 5-курс пенен танысың (3-4 - бет).
3. *Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият* - биринши ҳәптени талқылаң (8-9 б).
4. Бул курстағы «Мухаддес Китапты ядлап алыў ушын тематикалық дүзилиси» бөлимин қарап шығың (9-10 бет).
5. 43-74- беттеги «Исенимниң негизи» бөлимин қарап шығың. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша бул мағлыўматларды* сиз 5-курста пайдаланасыз. 43-беттеги алғы сөзди даўыслап оқың.
6. Шолыў сораўларын бериўди үйрениң.
7. Түсиниў ушын сораўларды қалай дүзиўди талқылаң (10-б).
8. Өмиримизде Мухаддес Китапты қолланыў бойынша сораўларды қалай дүзиў кереклигин талқылаң (14-б).
9. *2-сабаққа тапсырманы* оқың (15 бет).
10. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### *Төртинши курстың мақсетлерин көзден өткериў*

Төртинши курстың мақсети:

1. Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын жемисли ҳәм өз ўақтында өткериўди даўам етиў...
   а) Мухаддес Китапты жемисли ҳәм дуўа етиўди бирге ислеў.
   б) Күнде 14 күн аралығында Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын өткериў.
2. «*Масих пенен бирге баслаў*» бөлиминдеги 5-аятты ҳәм Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиниң биринши 24 аятын ядыңызда беккемлең.
3. Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң «Қудайға исениң» (В сериясы) ның 12 аятын ядлап алыў.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарлар қурамында *«Масихыйдың тийкары»* (оқыўшылық этапы, 4-китап) темасы бойынша материалды талқылаң ҳәм изертлең. (4-курста ҳәр бир қатнасыўшыға кишкене топарларда Мухаддес Китапты талқылаў шөлкеминде өз тәжирийбесин раўажландырыў мүмкиншилиги берилди).
5. Көпир сүўретлемеси ямаса жеке гуўалығының жәрдеминде исенбеўшилер менен исеними ҳаққында бөлисиў ҳәм топарда нәтийжесин айтып бериў.
6. ӨСИП деген не екени менен танысыў, Хош Хабар бойынша жазыўларды ҳәм Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин пайдаланыўды баслаў.

7. Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын тематикалық дүзилисиниң биринши 36 аятындағы тема ҳәм силтемелерин пухта ядлаў.
8. Өміримизде Мухаддес Китапты қолланыў ушын бес этаплы жобаны дүзиўди үйрениў ҳәм оны асып кеткенде бир мәрте табыслы пайдаланыў. Жоба кейинги бес пункттан турады:
   а.
   б.
   в.
   г.
   д.
9. Хош Хабар ҳаққындағы сәўбеттиң бир неше тийкар етип алынған принциплерин талқылаң ҳәм изертлең.
10. Күндизги дуўа етиўди өткериң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият - биринши ҳәпте***

2:7 сериясының алдыңғы курсларында сиз Мухаддес Жазыўды ядлап алыўға жигер лендиретуғын бир неше себеп лерди талқыладыңыз. Мухаддес Жазыўды ядлап алыў сизге гуўалық етиўде, гүнаның үстинен жеңиске ерисиўде ҳәм қорқыныш сезиминде, күнделикли өмирде Қудайдың сөзин қолланыўға жәрдем береди. Масихыйдың өмирин әҳмийетли етиўде Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың және бир себеби-бул дүньяға еликлемеўге талпыныў.

## КӨЗГЕ ТҮСПЕЙТУҒЫН ӨЗГЕРИСЛЕР

Елши Павел Римдеги исениў шилерге «Бул дүньяның адам ларына еликлемеңлер» (Рим 12:2 қа қараң) деп жазады. Жеңис адам оны ҳәрекетсиз күткен ўақытта емес, ал душпанға Қудайдың жәрдеми менен қарсылық көрсеткенде келеди. Павел даўам етеди: «Өз ақылыңыз ҳәм түсинигиңизди жаңартып үзликсиз өзгериңлер». Қудай бизлердиң ақылымызды қалай өзгертеди? Бизлерге жүкленген жердеги ойын-заўықларға қарсы гүресте қалай қарсы турамыз ҳәм жеңемиз? Бул ушын бизлерге Мухаддес Руўх ҳәм Қудайдың сөзи жуўап береди. Павел жәмәәтти «суў менен жуўып ҳәм Қудайдың сөзи менен тазалаў» ҳаққында айтты (Ефес 5:26). Ойымызды Мухаддес Жазыў ға толтырып, бизлер Қудайға өз тийкарымызды иштен өзгертиўине ҳәм бизлерге жердеги қызығыўшы лыққа қарсы турыўға күш бериўи не мүмкиншилик беремиз.

## ЯДТА САҚЛАЎДЫҢ ҮШ ӘҲМИЙЕТЛИ ҚАҒЫЙДАСЫ

1. Ҳәр бир ҳәптеде таза аятларды үзликсиз ядлап алыў шәрт. Көплеген адамлар ушын мақул түсетуғын темп-ҳәптесине еки аят. Сизге қайсы темп туўра келетуғынын анықлап алың. Сиз

қандай мақсет қойсаңыз да оған сөзсиз талпыныўыңыз керек. Ҳеш қандай айрықшалыққа жол қоймаң. Қудай сизлерге үзликсиз жәрдем беретуғынына исениң.

2. Қалташада жайласқан ҳәмме аятларды күнде қайталаң. Әдетте сиз еле ядламаған ҳәм ҳәзирги ўақытта ядламайтуғын аятларды өзиңиз бенен алып жүриўдиң кереги жоқ. Бул ядлап алыўға кесент етеди.

3. Әлле-қашан ядланған аятларды жетикликке дейин өткирлеў ушын оларды жийи қайталаң. Қутышаңыздағы аятларды қайталаў ушын ўақты-ўақты қалташаға салыў керек. Сиз бир аятты басқасы менен қанша жийи алмастырсаңыз, ядланған аятлардың улыўма санына байланыс
лы болады. Сиз еле Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсияттың 2:7 серия бойынша шуғылланып атырғанда, ҳәр ҳәптеде ҳәр бир топар аятлар
ды қайталаўға мүддет көрсетеди.

## НЕ УШЫН БУЛ ҮШ ҚАҒЫЙДА ӘҲМИЙЕТЛИ?

Олар ядлап алыў жобасын табыслы орынлаў ушын тийкар салады. Мине не ушын.

Егер сиз ҳәптениң ақырында таза аятларды сөзбе-сөз цитаталап айтып бере алмайтуғын жағдайда болсаңыз, онда сиз былай ойлаўыңыз мүмкин: «Ендиги ҳәптеде мен таза аятларды ядламайман, жақсысы дәслеп таярланаман ҳәм оларды жақсы ядлайман, ал кейин берилген жобаға қайтаман». Усылай ислеп, сиз-«Ҳәр бир ҳәптеде таза аятларды үзликсиз ядта сақлаў»ды биринши қағыйданы бузасыз. Бир мәрте қалдырып, екиншисин, кейин үшиншисин ҳ.т.б. қалдырыў әпиўайы болады. Буның орнына таза аятларды сақлаўды даўам етиў ҳәм сиз ядыңызда жеткиликсиз болғанларды үйрениў ушын қосымша күш жумсаў керек.

Егер сиз ҳәптениң соңында таза аятларды ядтан айтып бере алмасаңыз, екинши қәдениң бузылыўына себепши болыўы мүмкин-«Қалташада жайласқан ҳәмме аятларды күнде қайталаң». Егер сиз аятларды күнде қайталасаңыз, оларды ҳәптениң ақырында цитаталап айтып бере аласыз. Қалташада жайласқан ҳәмме аятларды күнде қайталаў (2-қағыйда)-бул сиз таза аятларды үзликсиз ядлап алыў (1 қағыйда) ҳәм әлле-қашан ядлағанларды есте сақлаўдың жәрдеминдеги усылы (3-қағыйда).

Ядлап алыў жобасин табыслы орынлаў керек болған үш қағыйда усындай. Қалай ядлап алыў ҳаққында сизиң әлле-қашан билиўиңиз, сизге усы қағыйдалардың орынланыўын қадағалаўда жәрдем береди.

## ЯДЛАНҒАН АЯТЛАРДЫ МУХАДДЕС КИТАПТА БЕЛГИЛЕҢ

Ядланған аятларды дөңгелеклеп номерлеп турыў пайдалы. Олар Мухаддес Жазыўды

оқып ямаса изертлеп атырған ўақытта дыққатыңызды өзине тартады. Бундай белгилер карточка жоғалған жағдайда ядланған аятлар дизими хызметин атқарады. Жәнe егер сиз ҳәмме ядланған аятларды анық Мухаддес Китаптың қайталағаныңыз жақсы болады.

## ЕГЕР ЯДТА САҚЛАЎ ЗЕРИКТИРЕТУҒЫН БОЛСА, НЕ ИСЛЕЙСИЗ

Егер ядлап алыў ҳәм қайталаў бойынша жумыс зериктиретуғын ҳәм шаршататуғын болып басласа, Руўхыңыз түспесин. Сизиң ойыңыз ҳәм жүрегиңизге Мухаддес Жазыўды есте сақлаў барысында ҳақыйқаттан да гейбир түсинбестей элемент бар. Анық усылларды ҳәм үлкен сабырлылықты қолланыўды талап етеди. Бирақ, Қудайдың сөзи жүрегиңизде жазылыў даўамында ол өмирдеги мийнетлердиң таўсылмайтуғын булағы болады. Соның менен бирге, егер ядлап алыў бойынша жумыс сизге қызықсыз ҳәм кери тартыўшылық болып көринсе, оны дүзетиўге ҳәрекет етсе болады. Бул аятлар ҳаққында көп ўақыт ойланыўды ҳәм дуўа етиўди өткериң. Егер сиз алдын буны ислемеген болсаңыз, усындай шынығыў сизиң Қудай менен жалғыз қалыў ўақтының бир бөлеги болсын. Соның менен бирге ядланған аятларды көширип жазыўда ямаса сәўбетлесиўде пайдаланыўды баслаң. Әтираптағыларға Қудайдың сөзи ҳаққында айтып бериў, сизге бул аятлардың қәншелик терең ҳәм әжайып екенин жәнe сезиўге жәрдем береди.

## ӨЗИН-ӨЗИ ТЕКСЕРИЎ

6-курста сизге бул жерде берилген нәсиятларды ҳәм сизиң ядлап алыў бойынша азанғы жумысыңыздың нәтийжесинде өзин-өзи тексериў бериледи.

***Бул курста Мухаддес Жазыўды ядта сақлыў ушын тематикалық дүзилис***

Өткен курсларда сиз Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын тематикалық дүзилистиң биринши 36 аятын ядласаңыз, ал атап айтқанда: А серия-Жаңа өмир менен жасаң, Б серия-Масих ҳаққында Хош Хабар айтың ҳәм В серия-Қудайға исениң. Г сериясындағы-Масихтың шәкирти болың ҳәм Д-Масихқа уқсаң аятлары қалады. 5-курста сизге кейинги он еки аятты ядлап алыў ушын туўра келеди:

Г- Масихтың шәкирти болың.

| | | |
|---|---|---|
| Масих алдыда | Матта 6:33 | Лука 9:23 |
| Дүньяға еликлемеңлер | Юханның 1-х 2:15-16 | Рим 12:2 |
| Беккем болың | Коринф 1-х 15:58 | Еврей 12:3 |
| Басқаларға хызмет етиң | Марк 10:45 | Коринф 2-х 4:5 |
| Сақыйлық пенен бериңлер | Нақ. мақ. 3:9-10 | Коринф 2-х 9:6-7 |
| Дүньяға гуўалық етиң | Елшилер 1:8 | Матта 28:19-20 |

*Түсиниў ушын сораўларды қалай дүземиз*

Екинши ҳәм үшинши курсларда сиз топарда Мухаддес Китапты талқылаў ушын сораўлардың үш түри менен таныстыңыз:

1. Обзорлық сораў.
2. Түсиниў ушын сораўлар.
3. Қолланыў ушын сораўлар.

Бул мағлыўматлар 2-курстың 27-бет ҳәм 3-курстың 17-23-бет табылады. Үшинши ҳәм төртинши курс даўамында сизге Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарда талқылаўды алып барыўға жәрдемлесиў ушын таяр сораў лар берилди. Кейинги бир неше сабақлар даўамында түсиниў ушын сораў ларды қалай өз бетинше пикирин анық айтыўды әмелде қолланасыз ҳәм үйренесиз. Дәслеп сиз жетекши менен бирге ислейсиз, ал кейин сораўларды үйде таярлайсыз ҳәм оларды сабаққа алып келесиз. Бул сизге усындай сораў ларды дүзиўде турақлы шынығыўлар алыўға жәрдемлесетуғынын көресиз.

## ТҮСИНИЎ УШЫН СОРАЎЛАР ДЕГЕНИМИЗ НЕ?

Түсиниў ушын сораўлар-бул алдында болатуғын жуўапқа берилетуғын сораў. Түсиниў ушын сораўды былай айтса да болады-бул обзорлық сораўдың анық жуўабына (ямаса жуўаптың бир бөлегине) берилетуғын сораў. Түсиниў бойынша сораўлар сиз анық тутас бөлим бойынша берилетуғын сораўларға тийкарланған.

## ТҮСИНИЎ УШЫН СОРАЎЛАР НЕ УШЫН КЕРЕК?

Түсиниў ушын сораўдың тийкарғы мақсети-топардың ҳәр бир ағзасы Мухаддес Китапты ҳақыйқаттан талқыланғанда терең ҳәм анығырақ түсиниўине жәрдем бериў. Түсиниў ушын сораў Мухаддес Жазыўдағы изертлеп атырған үзиндиниң мәнисине терең кириўге жәрдем береди. Мине, түсиниў ушын сораўларға ерисиўге болатуғын жәнe төрт әҳмийетли мақсетлер:

1. Талқылаўды көбирек жанлы етиў.
2. Алып барыўшыға қандай да бир әҳмийетли пикирди ажыратыўға жәрдем бериў.
3. Алып барыўшыға оның пикири бойынша топар ағзалары надурыс ҳәм толық емес түсинген сораўларды түсиндирип бериўине мүмкиншилик бериў.
4. Алып барыўшыға теманы түсиниў дәрежесин, рууxый дәрежесин ҳәм топар ағзаларының мүтәжликлерин анықлаўға жәрдем бериў.

## ТҮСИНИЎ УШЫН СОРАЎЛАРДЫҢ ОН ЕКИ ТҮРИ

Сораўлар олардың анық түрдеги ғәрезлилигине қарамай, анық ҳәм қысқа болыў керек. Бул

- сораў қысқа болыў керек.

• сөзлерди түсиниў ушын қыйын болмаўы керек.

• гәплер әпиўайы болыўы керек. «Ҳәм» ҳәм «бирақ» дәнекерли қоспа бағыныўшы гәплерден қашың дегенди билдиреди.

| | |
|---|---|
| 1. СИНОНИМЛЕР | «______ ҳәм сондай жәнe қандай сөз ямаса сөйлемди билдиреди?». «______ сөзге қандай синонимлер алсақ болады?». |
| 2. АНЫҚЛАЎ | Бир ямаса еки гәп пенен қысқаша анық етип айтып бериң, сизиң пикириңизше, нене билдиреди? |
| 2. АЙЫРМАШЫЛЫҚ | «Сиз қалай ойлайсыз, _______ ҳәм ______ арасында қандай айырмашылық бар?». |
| 3. УЛЫЎМА БЕЛГИЛЕР | «Сизиң пикириңизше ______ ҳәм _______ не менен уқсас?». |
| 4. ҚАРАМА-ҚАРСЫЛЫҚ | «Сизиңше _______ не қарама-қарсылық болып табылады?». |
| 5. ӨЗ-АРА БАЙЛАНЫС | «Сизиң пикириңизше ______ ҳәм _______ арасында қандай өз-ара байланыс бар?». |
| 6. МЫСАЛ | «Сиз ______ сүўретлейтуғын Мухаддес Китаптан қандай мысал келтире аласыз?». «Буған байланыслы ойыңызға күнделикли өмириңизден қандай мысал келеди?». |
| 8. НЕ УШЫН | «Не ушын бул аят ______ сол ўақытта басқа аятлар _______ сүйениш болатуғынын айтады?». |
| 9. ТҮСИНДИРМЕ | «Сиз ______ беттеги схеманы қалай түсиндиресиз?». «Бул үзиндиде айтылып атырғаны ҳаққында Саулдың көз-қарасының өзгериўин қалай түсиндирип бересиз?». |
| 10. ЕҢ (КҮТӘ) | «Сизиң пикириңизше олардың қайсысы ең _______ болып табылады?». |
| 11. САНЫ/САПАСЫ | «Сизиң пикириңизше ______ қанша әҳмийетли?». «Сизиңше, қанша дәрежеде ______ тийкарланыў керек?». «Сиз қалай ойлайсыз, _____ ушын _____ қанша әҳмийетли болып табылады?». |
| 12. ҚАНДАЙ УСЫЛДА | «Бул мысалдан өзимизге қандай усылда пайда аламыз?». «Бизлердиң қыйыншылыққа қатнасымыз, |

басқаларды жигерлендириў уқыплылығы
мызға қандай усылда тәсир етеди?».

Әдетте «қандай усылда?» сораў түри улыўма өзгешелик түрде болады ҳәм қолланыў сораўы болып табылады. Егер олар жүдә жеке болмаса, оларды қолланыў ушын сораўлар сыпатында пайдаланса болады. Оларға улыўма, кең айырмашылық бериў ушын «сизлер ямаса сен» орнына «бизлер», «бизлерге» алмасығы ҳәм өзгеликсиз қурылысты пайдаланың. Мысалы:

- Қолланыў ушын сораў: *«Бул мысалдан бизлер қандай усылда өзимизге пайда аламыз?».*
- Түсиниў ушын сораў: *«Бул мысалдан қандай сабақ алыўға болады?».*
- Қолланыў ушын сораў: *«Бизлердиң қыйыншылықларға қатнасымыз бизлерди басқаларды жигерлендириў уқыплығымызға тәсир етеди?».*
- Түсиниў ушын сораў: *«Адамның қыйыншылықларға қатнасы анық басқаларды жигерлендириў уқыплылығына қандай тәсир етеди?».*

## ТҮСИНИЎ УШЫН СОРАЎЛАРҒА МЫСАЛЛАР

Ҳәр бир он еки түрли сораўлар ушын бир неше мысаллар келтиремиз. Олардың көпшилиги 11-бетте берилген формат бойынша дүзилген.

1. Синонимлер.
   а. «Молшылықтағы өмир» түсинигин және қандай сөз бенен жазыўға болады?
   б. Сиз қалай ойлайсыз, «жарылқаў» сөзин қандай сөз бенен алмастырыўға болады?
   в. «Тири гуўалық» сөйлемшеге синоним сайлап алың.
2. Анықлаў.
   а. «Ҳақыйқат» сөзинде қандай мәнис жасырынып тур?
   б. «Ийем» сөзи сизге қандай пикирлер туўдырады?
   в. Сизиңше «мийнеткеш» сөзи нени билдиреди?
3. Айырмашылық.
   а. Миннетдаршылық ҳәм алғыстың арасында қандай айырмашылық бар?
   б. Сизиң пикириңизше, қорқыныш ҳәм тынышсызлықтың арасында қандай айырмашылық бар?
   в. Бирлик ҳәм уқсаслықтың арасында қандай айырмашылық бар?
4. Улыўма белгилер.
   а. Нәресте ҳәм Руўхый нәрестениң арасында қандай салыстырыўлар келтириўимизге болады?
   б. Нур ҳәм пәкликти не бириктиреди?
   в. Мухаддес Жазыўда жазылған тұқым неге уқсас?
5. Қарама-қарсылық.
   а. Ҳақыйқаттың қарама-қарсылығы не болып табылады?
   б. Ҳәзир санап шығылғанға қандай белгилер қарама-қарсы?
   в. Тынышлыққа қарама-қарсы жағдайын қандай сөз баянлайды?

6. Өз-ара байланыс.
   а. Сизиң пикириңизше, Қудайдың ўәдеси ҳәм шыдамлылық қалай байланыслы?
   б. Қудайдың бийлиги ҳәм бойсыныў қалай өз-ара байланыслы?
   в. Менменлик ҳәм үйрениўге уқыплылық арасында қандай байланыс бар?
7. Мысаллар.
   а. Мухаддес Руўх Мухаддес Китапты түсиниўге қалай жәрдем беретуғынына мысаллар келтириң.
   б. Биреўден екеў жақсы дегенге мысаллар келтириң.
   в. Мухаддес Китап шыдамсызлықтың қандай мысаллары ҳаққында айтады?
8. Не ушын.
   а. Сиз қалай ойлайсыз, не ушын Еврейлерге 12:1 - де «топар» сөзи қолланған?
   б. Сиз қалай ойлайсыз, не ушын Ийса Ерусалим ушын жылады?
   в. Сизиңше, не ушын миннетдаршылық қатнасыққа әбден берилиў әҳмийетли?
9. Түсиндирме.
   а. Тимофей 2-х 3:16 ның мәниси қандай?
   б. Егер масихый жақсы жәмийетке барып жүрген болса, оның Руўхый жетилиспегенин қалай түсиндириўге болады?
   в. Дж. Освальд Сандерс нени нәзерде тутты?
10. Ең (күтә).
   а. Қудайдың бул қәсийетлериниң қайсысы сизиң пикириңизше ең уллы?
   б. Шеңбер сүўретлемесиндеги элементтиң қайсысы сиз ушын ең әҳмийетли?
   в. Сизиң пикириңизше қандай дуўа етиў кем күшти талап етеди?
11. Саны/сапасы.
   а. Басқа масихыйларға қандай гүна ҳаққында айтыўға болады?
   б. Бизлердиң Қудайдың еркин түсиниўимиз қай дәрежеде толық болыўы мүмкин?
   в. Мухаддес Китаптағы сол ямаса басқа ўақыялардың өз қатнасыўшыларының гуўалығы қәншелли әҳмийетли?
12. Қандай усылда.
   а. Сизиң пикириңизше, масихыйлық өсиўде бир-биримизге қалай жәрдем бере аламыз?
   б. Ҳәзиргидей жасап, келешекке қандай усылда талпыныўға болады?
   в. Бул қалай болады?

## ТҮСИНДИРИЎ УШЫН СОРАЎДЫҢ САПАСЫН ҚАЛАЙ БАҲАЛАЎ КЕРЕК

Пуқта таярланыў ҳеш қашан әпиўайы болмайды. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша сабақты талқылаўда жемисли пайдаланыўға болатуғынын түсиниў ушын сораўларды таярлаўда ҳәм ўақыт ҳәм күш талап етиледи. Төменде сиз таярлаған сораўлардың сапасын баҳалаўға жәрдем беретуғын белгилер келтирилген.

| | |
|---|---|
| ТИЙКАР БОЛАТУҒЫН | Талқылаўды тереңлетеди ҳәм бириктиреди, туңғыйыққа кириўине жол қоймайды. Темаға байланыслы емес сораў ҳәм машқаланы талқылаўдан қашыўға жәрдем береди. |
| КЕҢ | Толық ҳәм ҳәр тәреплеме жуўап нәзерде тутылады.<br>1. Тек «аўа» ямаса «яқ» деп жуўап бериўге болмайды.<br>2. Оған дым әпиўайы жуўап бериўге болмайды. |
| ӘПИЎАЙЫ | Сораў анық ҳәм қысқа түсиникли етип айтылған. |
| ӨЗ ЎАҚТЫНДА | Сораў тап сол ўақытқа ҳәм орынға болады.<br>1. Обзорлық сораўдан логикалық келип шығады.<br>2. Талқылаў барысында әлбетте жазылады. |
| ЖИГЕРЛЕНДИРИЎШИ. | Түсиниўди тереңлетеди ҳәм талқылаўды ҳәрекетлендиреди.<br>1. Әлле-қашан танысларды терең жаңа мәниске толтырады.<br>2. Талқылаў қатнасыўшыларында айрықша қызығыўшылық оятады. |

### *Өмирде үйрениўге қолланыў ушын сораўларды қалай дүземиз*

## ҚОЛЛАНЫЎ УШЫН СОРАЎДЫ ҚАШАН БЕРЕМИЗ?

Мухаддес Китап бойынша сабақ өткерилгенде қолланыў ушын сораўларды әдетте, қандай да бир үйренип атырған бап ямаса бөлимниң жуўмақланыўы бойынша бериледи. Ҳәммесин айрықша көрсетиў-демек ҳеш қайсысының астын сызбаў, соның ушын қолланыў ушын сораўларды дым көп бермең.

## ҚОЛЛАНЫЎ УШЫН СОРАЎЛАРДЫҢ ПИКИРИН ҚАЛАЙ АНЫҚ ЕТИП ЖАЗАМЫЗ

1. Усындай сораўлар Мухаддес Китап бойынша сабақтың бир бөлеги болған ўақытта олардың пикирин анық жазыўға болады, мысалы, «Ким 18-сораўдың жуўабын оқыўды қәлейди»? (Егер оның дым жеке минези болса ямаса ҳақыйқаттан да топарлық талқылаўда қатнаса алмаса, топар ағзалары өз жуўапларын оқып еситтириўден бас тартыў ҳуқықына ийе болыў керек. Бул өмирдеги үйренгенлерин иске асырыўдағы қәлеген тийисли).
2. Өмиринде Мухаддес Китапты үйрениўдеги бес этаптан туратуғын жобаның орынланғанын тексерген ўақытта, буны шама менен былай деп сораў керек: «Келиңлер, өзиниң жобасын таярлап болған бир неше адамды» ямаса «сизлердиң жобаңызда не жазылған».
3. Қолланыў ушын сораўлар алдыннан нәзерде тутылмаса (жоқарыдағы 1 ҳәм 2-пунктлер сыяқлы), кейинги үлгилердиң биреўин пайдаланса болады:

а. Сиз нении жеке қәлейсиз

қолланыўды — өзиңиз ушын астын сызыў

бул/бул

баптан — талқылаўдан

тема бойынша бөлимниң ________қәлейсиз?

б. Сиз нени қәлейсиз
Сиз нени ислей аласыз
Сиз не ислейжақсыз

ислеўди, қолланыўды ямаса ядта сақлаўды

Бул материалға тийкарланып/бул

Бапларға — талқылаўға

тема бойынша бөлим ________?

## ӨМИРИҢИЗДЕ МУХАДДЕС КИТАПТЫ ҚОЛЛАНЫЎДА ДУЎА ЕТИЎДИҢ ӘҲМИЙЕТЛИЛИГИ

Сиз топарға жетекшилик еткен ўақтыңызда адамлар өмиринде не қолланыў кереклиги ҳаққында дуўа етиў кереклигин умытпаң. Бир нәрсени тез-тез ислей сала жазыўға болмайды. Өзиңиз үлги көрсетиң. Үйренген материалдан тәжирийбеде нении қолланып баслаўымыз кереклигин шешпестен бурын бир неше күн даўамында қысқа дуўа етиң.

## 2-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 1-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият мағлыўматын оқып шығың (8-9-б), кейин 2-сабақ ушын нәсиятты үйрениң ҳәм талқылаң (16-17 б). «Масих алдында» темасы бойынша еки аятты ядлап алың, Матта 6:33 ҳәм Лука 9:23. Кейинги сабаққа аятлар ушын қутышаны өзиңиз бенен алып келиң.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бап «Қудайдың тийкары» темасы бойынша 1-8 сораўларына жуўап бериң. (44:46).

# 2-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Масихтың басшылығында» темасы бойынша еки аятты қайталаң, Матта 6:33 ҳәм Лука 9:23.
2. *Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти пайдаланып*, Қудай сизге не үйреткенин бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңизди ямаса оларға *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндиргениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Аятлар ушын қутышадағы карточкалардың жайласқанын тексериң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бап «Қудайдың тийкары» бөлиминдеги 1-8 сораўларды талқылаң (44-46 бет).
6. Бул ҳәптеде Мухаддес Китапты үйрениў бойынша материалларда пайдаланыўға болатуғын қолланыў ҳәм түсиниў ушын сораўларды талқылаң.
7. *3-сабаққа тапсырманы* оқың (17-18 бет).
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, екинши ҳәпте***

Масихыйлық оқыўшылыққа арналған он еки аятлы төртинши бөлимди үйренип атырып, сиз алдыңғы аятлар ушын сол қалташаны пайдаланасыз. Ҳәр ҳәптеде «ядланған аятларға ескертиўди» дыққат пенен оқың ҳәм «ҳәптелик жобаға» тийкарланың.

***Ядланған аятларға ескертиўлер.***

Г-СЕРИЯ. МАСИХТЫҢ ШӘКИРТИ БОЛЫҢ

Ийса атанақта өтилгеннен кейин, Оның хызметиниң әҳмийетли мақсетиниң бири көбейетуғын садық шәкиртлер топарларын жыйнап, кейин пүткил дүньяға тәсирин көрсеткени болды. Ийса көплеген адамларға ўаз айтты, бирақ Ол адамлардың Оның изинен ериўине нийети жоқ болыўы ушын биле тура ислейтуғындай болып көринди. Оған сөзиндеги шәкирт керек емес еди. Ол исениўге болатуғын ҳәм неге баратырғанын билетуғын ҳақыйқый садық шәкиртлерди табыўды қәледи. Бул серия аятларында Ийса Өз шәкиртлеринде көриўди қәлеген алты қәсийет санап шығылады.

1-ТЕМА. МАСИХ АЛДЫДА

Ийса Масих өмиримиздиң Ийеси болыў керек-Ол ҳәр бир жағдайда биринши болыўы керек. Бизлер Оннан гөре ҳеш кимге садықлық ҳәм сүйиспеншилик арнамаўымыз керек. Жыршы жазғанындай:

«Өзиңнен басқа ким бар көкте? Өзге ҳеш теңе аңсамайман жерде де!» (Забур 72:25).

***Матта 6:33***-Ийса Өзиниң жүрегинде не барына көбирек дыққат аўдарыўымызды қәлейди. Егер бизлер усылай ислесек, онда Ол бизлердиң денелик мүтәжликлеримиз ҳаққында ғамхорлық етеди. Өмиримизде Ол бәрқулла биринши болыўы ушын бизиң биринシилигимиз қандай екенин үзликсиз тексериўимиз керек.

***Лука 9:23***-Масихтан гөре, бизлердиң өмиримизде көбирек әҳмийетли орынды «мен» ийелеўге талпынады. Ийса Өзиниң изине еретуғын ҳәр бир адам өзинен ўаз кешип, күнделикли өзин сүйиўши нийетлерди өлтириў керек деп айтты.

***Ҳәптелик жоба***

1. Г сериясындағы еки аятты (Матта 6:33 ҳәм Лука 9:23) қалташаның тесигине жайластырың. Г серияның қалған карточкаларын қалташаның артқы бөлегинде сақлаң.
2. Сабақтан кейин биринши еки күн даўамында биринши аятты, ал кейинги еки күн даўамында-екиншисин ядта сақлаң. Қалташаға А ҳәм В сериясындағы аятларды жайластырың ҳәм оларды күнде қайталаң.
3. Ҳәптениң соңында оларды дурыс ядлағаныңызды тексериў ушын ядтан таза аятларды жазың ямаса оларды кимге болса да айтып бериң. Барлық курс даўамында усылай ислең.

## ***«Қудайдың тийкары» темасы бойынша түсиниў ҳәм қолланыў ушын сораўлар.***

1-8-сораўлар.

Сабақта жетекши менен ислесиў ушын

| Сораўдың рақамы | Түсиниў ушын сораўлар |
|---|---|
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |
| ______________________ | ______________________________________ |

| Сораўдың рақамы | Қолланыў ушын сораўлар |
|---|---|
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |

## 3-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 3-сабақ ушын Мухаддес Китапты ядлап алыў ушын нәсиятты изертлең ҳәм талқылаң (19:20 б). «Дүньяға еликлемеңлер» темасы бойынша еки аятты ядлаң, Юханның 1-х 2:15-16 ҳәм Рим. 12:2.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бабындағы «Қудайдың тийкары» темасы бойынша 9-18 сораўларына жуўап бериң (47:49).
4. ***Ҳәр түрли:*** Мағлыўматларды үйрениў күнделигиндеги ҳәр түрли тапсырмалардың үстинде ислең. Кейинги сабақта сиз әлле-қашан орынлағаныңызды күнделикке белгилең.

# 3-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлини, «Дүньяға еликлемеңлер» темасы бойынша еки аятты қайталаң Юханның 1-х 2:15-16 ҳәм Рим 12:2.
2. *Сиз Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделигиңизди* пайдаланып, Қудай сизлерди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге гуўалық еткениңизди ямаса оларға *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндиргениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 1-бабындағы «Қудайдың тийкары» темасы бойынша 9-18-сораўларды ҳәм қысқа баянламаны талқылаң (47-49 бет).
5. Бул ҳәптеде Мухаддес Китапты үйрениў бойынша мағлыўмат пенен ислескенде, пайдаланыўға болатуғынын түсиниў ҳәм қолланыў ушын мүмкин болған сораўларды талқылаң.
6. *4-сабаққа тапсырманы* оқың (21 бет).
7. 4-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшисин таярлық.
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, үшинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

2-ТЕМА. ДҮНЬЯҒА ЕЛИКЛЕМЕҢЛЕР

Бизлер қашыўымыз керек болған дүнья, бул денелик дүнья ҳәм онда жасаўшы адамлар емес. Бул бизлердиң Қудайдың еркине қарсы ҳәрекет етиўимизге мәжбүрлейтуғын дүньяның баҳасы ҳәм түсиниги. Шайтанның күши бул дүньяда ҳәрекет етеди. Ийса шайтанды «бул дүньяның ҳәкими» (Юхан 12:31, 14:30, 16:11), ал Павел оны «бул заманның қудайы» (Коринф 2-х 4:4) деп атады. Бул дүньяның шама ҳәм баҳасы бузылғаны соншелли, Ийса оны былай деп айтады: «... Адамлар қымбат деп санаған нәрсе Қудай алдында жеркенишли». Жасаўдан қашып ҳәм бул дүньяның өлшеми бойынша ойлаў дегенде, бизлер исенбеўшилер менен жийи қатнастан өзимизди шегаралаўымыз керек дегенди билдирмейди, өйткени Қудай бизлерди оларға Хош Хабар жеткериўимиз ушын қалдырды.

***Юханның 1-х 2:15-16***-Юхан дүньяны ҳәм дүньядағы нәрселерди жақсы көриў Әкеге деген сүйиспеншиликке туўра келмейтуғынын алдын ала ескертеди. Дүньяға ҳәўес болыўды «дене қәлеўи»-нийетиңизди өз қумарлығыңызға жол қойыў,

«көздиң қәлеўлери»-ийелик етиў нийети ҳәм «өмирдеги менменлик»-басқалардың үстинен жоқары болыў нийетин баянлап береди.

***Рим. 12:2***-Павел бизлерди бул дүньяға еликлемеўимизди, бирақ ақыл-ойымыздың жаңаланыўын үйретти. Қудайдың сөзиниң үстинде ойланыў бизлердиң ақылымызды иштен өзгертеди.

***Ҳәптелик жоба.***

**А ҳәм Б сериясы.** Ҳәр ҳәптеде бир серияны басқасы менен өзгертиң.

**В сериясы.** Г сериясы ушын орын босағаны ушын ҳәр ҳәптеде 1 ҳәм 2 алдыңғы аятларды қутышаға қайтадан салып қойың.

**Г сериясы.** Еле ядланбаған аятлар.

Ҳәр ҳәптеде изинде В сериясы карточкалары бар болған аятлар ушын қутышаға 1 ямаса 2 таза аятты (Г сериясындағы) салың.

1. Юханның 1-х 2:15-16 ҳәм Рим. 12:2 ни қалташаның тесигине жайластырың.
2. Қалташаға өткен ҳәптедеги Матта 6:33 ҳәм Лука 9:23 аятларын, изинен В серия карточкаларын (Қудайға исениң) жайластырың.
3. Енди жоқарыда жатырған В сериясындағы биринши еки аятты алың (Коринф. 1-х 3:16 ҳәм Коринф. 1-х 2:12) ҳәм оларды қутышаға жайластырың. Бул сизиң алдағы ўақытта пайдаланыўыңызға туўра келетуғын жаңа схема.
4. 5-курстың жәнe бир жаңа тәртиби сиз А сериясындағы, кейин Б сериясындағы ҳәм кейин ала В сериясындағы аятларды қалташаның басқа қалташасына гезек бойынша жайластырыўдан ибарат болады. Ҳәр ҳәптеде бул қалтада бар болған серияларды басқасы менен алмастырып турың. Солай етип, ҳәр еки ҳәпте арасында сиз ҳәр бир серия аятларын күнде қайталайтуғын боласыз. Соның менен В сериясындағы ҳәмме аятларды қалдырың (биринши екеўинен басқа) ҳәм ҳәр ҳәптеде А ҳәм Б сериядағы аятларды алмастырып турың («Масих пенен бирге баслаў» бөлиминиң аятларын А сериясы менен бирге услаң). Бул ҳәптеде А сериядағы аятларды Б сериядағы аятларға аўмастырың.
5. Әдеттеги көрсетпелерге тийкарланып аятларды оқың, қайталаң ҳәм тексериң.

***«Қудайдың тийкары» темасы бойынша түсиниў ҳәм қолланыў ушын сораўлар.***

9-18-сораўлар ҳәм қысқа баянлама.

| Сораўдың рақамы | Түсиниў ушын сораўлар |
|---|---|
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |

| Сораўдың рақамы | Қолланыў ушын сораўлар |
|---|---|
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |
| ______________________ | ____________________________________ |

**4-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 4-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты изертлең ҳәм талқылаң (22 б). «Беккем болың» темасы бойынша еки аятты ядта сақлаң, Коринф 1-х 15:58 ҳәм Еврей. 12:3.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:***
   а. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 2-бабындағы «Қудай сөзиниң абройы» темасы бойынша 1-9 сораўларына жуўап бериң (50-52-б).
   б. Төртинши сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў материалы бойынша қолланыў ушын еки сораў ҳәм түсиниў ушын кем болмаған үш сораўды 23-бетке жазың.

# 4-САБАҚ

**САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Беккем болың» темасы бойынша еки аятты қайталаң, Коринф. 1-х 15:58 ҳәм Еврей 12:3.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гууалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарда (қызлар ҳәм балалар ушын бир бөлек) *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 2-бабындағы «Қудай сөзиниң абройы» бөлиминдеги 1-9-сораўларды талқылаң (50-52 б).
5. Ҳәр бир жетекшиниң жумысына қысқа баҳа бериң.
6. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша сабақ ушын таярланғанын түсиниў ушын үш сораўды ҳәм қолланыў ушын еки сораўды талқылаң (23-б).
7. *5-сабақ ушын тапсырманы* оқың (23 бет).
8. 5-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлық.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, төртинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

3-ТЕМА. БЕККЕМ БОЛЫҢ

Тапсырма қандай қыйын болмасын, оқыўшы артына қарамай, изинен қалмай, оны орынлаўға ҳәрекет етеди. Ол өз атанағын ақырына дейин алып барады ҳәм өз тараўынан өтеди.

***Коринф. 1-х 15:58*** - Егер Қудай бизлерге тапсырған исти орынлаўда беккем болсақ, Мухаддес Китап бизлердиң мийнетимиз ҳәм күшимиз бийкарға кетпейтуғынын ўәде етеди. Оның еркиндеги беккем турақлылық сыйлы ҳәм табыслы тамамланады.

***Еврей. 12:3***-Гей ўақытта бизлерге әтираптағы исенбеўшилерден күлки ямаса қуўдаланыўды бастан кешириўимизге туўра келеди. Бизлер жаманлыққа жаманлық пенен жуўап бермеўимиз ямаса қайғыға батпаўымыз керек, ал гүнакарлардың душпанлығына ҳәм масқаралаўына беккем шыдаған Ийсаның үлгисине тийкарланыўымыз керек.

***Ҳәптелик жоба***

1. Коринф. 1-х 15:58 ҳәм Еврей. 12:3 ти қалташаның тесигине жайластырың.
2. Қалташаның ишинде болған В ҳәм Г сериядағы басқа аятлардың изинен өткен ҳәптедеги Юханның 1-х 2:15-16

хәм Рим. 12:2 аятларды жайластырың. Басынан есаплап В сериядағы кейинги еки аятты алың Ийшая 41:10 хәм Филипп. 4:13 хәм оларды қутыға жайластырың.

3. Басқа қалтадан Б сериясындағы аятларды алың хәм оларды А сериядағы аятлар менен өзгертиң.

4. Қалташаның ишинде бар болған хәммесин қайталаң хәм таза аятларды үйрениўди даўам етиң. Қалташаны өзиңиз бенен алып жүриң хәм бос ўақытларыңызды ойланыў хәм қайталаў ушын пайдаланың.

***«Қудай сөзиниң абройы» темасы бойынша түсиниў хәм қолланыў ушын сораўлар.***

1-9-сораўлар.

| Сораўдың рақамы | Түсиниў ушын сораўлар (кеминде үшеўи) |
|---|---|
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |

| Сораўдың рақамы | Қолланыў ушын сораўлар (кеминде екеўи) |
|---|---|
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |
| ______________ | ______________________ |

**5-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 5-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты үйрениң хәм изертлең (24 б). «Басқаларға хызмет етиң» темасы бойынша биринши аятты ядлаң, Марк 10:45.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып хәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 2-бабындағы «Қудай сөзиниң абройы» темасы бойынша 10-21 сораўларына жуўап бериң (52-55-б).

# 5-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Басқаларға хызмет етиң» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Марк 10:45.
2. Қудай сизге не үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткенińиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 2-бабының «Қудай сөзиниң абройы» темасы бойынша 10-21 сораўларын талқылаң (52-55 бет).
5. Алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. Бул ҳәптеде Мухаддес Китапты үйрениў бойынша мағлыўмат пенен ислесиўде пайдаланыўға болатуғынын түсиниў ҳәм қолланыў ушын мүмкин болған сораўларды талқылаң.
7. *6-сабақ ушын тапсырманы* оқың (25-26 бет).
8. 6-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, бесинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

4-ТЕМА. БАСҚАЛАРҒА ХЫЗМЕТ ЕТИҢ

Атанаққа қағылмастан сәл бурын елшилер Масихтың Патшалығында ким уллы болатуғыны ҳаққында тартысты. Ийса олардың бул дүньядан айырмашылығы, ким басқаларға хызмет етсе, сол Оның патшалығында уллы болатуғынын ескертти.

**Марк 10:45**-Ийса Масихтың Өзи басқаларға хызмет етип, үлги көрсетти-Өзиниң өмирин берди. Ол «Өз уллылығынан ўаз кешип, қул келбетин қабыллады» (Филип 2:7).

***Ҳәптелик жоба***

1. Марк 10:45 - аятын қалташаның тесигине жайластырың.
2. Қутышаға өткен ҳәптедеги Коринф. 1-х 15:58 ҳәм Еврей. 12:3 аятларын В ҳәм Г сериядағы басқа карточкаларының изинен жайластырың. В сериядағы карточканың басынан кейинги екеўин алың (Еремия 3:22-23 ҳәм Санлар 23:19) ҳәм оларды В сериядағы әлле-қашан төрт аятлары менен салынған қутышаға жайластырың. А сериядағы аятларды Б

сериядағы аятлар менен өзгертиң.

3. Әдеттеги көрсетпелерге тийкарланып, аятларды үйрениң ҳәм қайталаң.

4. Есиңизде болсын, аятларды ядлап алыўда контекстинен оқып шығыў әҳмийетли: бул мәнисин көбирек толық түсиниўге жәрдем береди.

## *«Қудайдың сөзиниң абройы» темасы бойынша түсиниў ҳәм қолланыў ушын сораўлар.*

10-21-сораўлар ҳәм қысқа баянлама.

| Сораўдың рақамы | Түсиниў ушын сораўлар |
| --- | --- |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |

| Сораўдың рақамы | Қолланыў ушын сораўлар |
| --- | --- |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |
| ___________ | ___________ |

**6-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 7-сабақ ушын Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты изертлең ҳәм ядлаң (27 б). «Басқаларға хызмет етиң» темасы бойынша екинши аятты ядлаң, Коринф. 2-х 4:5.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:***

   а. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 3-бабындағы «Мухаддес Руўх» темасы бойынша 1-13 сораўларына жуўап бериң (56-59-б).

   б. 6-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў материалы бойынша кем болмағанын түсиниў ушын үш сораў ҳәм қолланыў ушын еки сораўды 28-бетке жазың.
4. ***Ҳәр түрли:*** Мағлыўматларды үйрениў күнделигинде көрсетилген ҳәр түрли тапсырмаларды орынлаўдың үстинде мүмкин болғанша ислең. Кейинги сабаққа орынланған тапсырмаға баҳа қойыў ушын Күнделикти таярлаң.

# 6-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Басқаларға хызмет етиң» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Коринф 2-х 4:5.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Қызлар ҳәм жигитлер ушын бир бөлек топарда Мухаддес Китапты талқылаўды өткериң. *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 3-бабындағы «Мухаддес Руўх» темасы бойынша 1-13-сораўларды талқылаң (56-59-б).
5. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. Үшинши бап материалы бойынша таярланғанын түсиниў ушын үш сораў ҳәм қолланыў ушын еки сораўды талқылаң (28-б).
7. *7-сабақ ушын тапсырманы* оқың (28 бет).
8. 7-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### *Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, алтыншы ҳәпте*

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

4-ТЕМА. БАСҚАЛАРҒА ХЫЗМЕТ ЕТИҢ

Ҳәр бир адамға басқаларға хызмет етиў қыйын. Бизлердиң ҳәммемизге өзимиз хызмет етиў туўра келген ўақыттан гөре, бизлерге хызмет еткени көбирек унайды. Бирақ, бизлер Ийса Масих ушын басқаларға хызмет етиўимиз тийис.

**Коринф. 2-х 4:5**-Павел Қудайдың егиншилигиндеги садық мийнеткеш болды, соның менен бирге өзиниң жағдайын әҳмийетсиз деп есаплады. Оның ўазы кимге қаратылған болса, ол Масих ушын хызметши болады.

***Ҳәптелик жоба***

1. Коринф. 2-х 4:5 аятларды қалташаның тесигине жайластырың.
2. Аятлар ушын қалташаға өткен ҳәптеде үйренген Марк 10:45 аятын, изинен В ҳәм Г сериясындағы басқа карточкаларды жайластырың.
3. Қалташаның ишинде бар болған В сериядағы аятлардан және бир карточка (Ийшая 26:3) алың ҳәм оларды бул сериядағы басқа алты карточка менен бирге аятлар ушын қутышаға жайластырың.
4. Қалташадан Б сериядағы аятларды шығарың ҳәм оған А

сериядағы аятларды жайластырың.

5. Әдеттеги тәртипке тийкарланып, аятларды ядлаң ҳәм талқылаң.
6. А сериясын қайталап, «Масих пенен бирге баслаў» бөлиминдеги аятларды қайталаўды умытпаң.

***«Мухаддес Руўх» темасы бойынша түсиниў ҳәм қолланыў ушын сораўлар.***

1-13-сораўлар.

| Сораўдың рақамы | Түсиниў ушын сораўлар (кеминде үшеўи) |
| --- | --- |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |

| Сораўдың рақамы | Қолланыў ушын сораўлар (кеминде екеўи) |
| --- | --- |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |
| ____________________ | ____________________________________ |

**7-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 7-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты ислең ҳәм үйрениң (29 б). «Сақыйлық пенен бериңлер» темасы бойынша биринши аятты ядлаң, Нақ-мақ 3:9-10.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 3-бабының «Мухаддес Руўх» темасы бойынша 14-22 сораўларына жуўап бериң (59-62).
4. ***Ҳәр түрли:*** Кейинги сабаққа таярланып, 4-курстың 2-сабағындағы ӨСИП темасы бойынша мағлыўматты оқып шығың (14-19-б). Кейинги сабаққа 4-курс бойынша оқыў қуралын алып келиң.

# 7-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Сақыйлық пенен бериңлер» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Нақ-мақ. 3:9-10.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 3-бабының «Мухаддес Руўх» темасы бойынша 14-22 сораўларын талқылаң (59-62 бет).
5. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. 4-курстағы Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги ҳәм Хош Хабар бойынша жазыўларды пайдаланыў қаншалық табыслы болғанын талқылаң.
7. Сизге бул курста пайдаланыўды үйрениўге туўра келетуғын *жеке ҳәм дуўа етиў күнделигин* талқылаң.
8. *8-сабақ ушын тапсырманы* оқың (30 бет).
9. 8-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
10. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, жетинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

5-ТЕМА. САҚЫЙЛЫҚ ПЕНЕН БЕРИҢЛЕР

Қудай бизлерди соншелли сүйгенликтен, Өзиниң Улын берди. Ийса Масихтың ҳақыйқый шәкирти қызғанбай береди. Македониядағы исениўшилер бизлерге өрнек бола алады: «Жағдайлары көтергенше, ҳәтте, жағдайларынан артық дәрежеде олардың өз қәлеўи менен сақыйлық көрсеткенине...» (Коринф 2-х 8:3). Олар солай ислей алатуғын еди, себеби «Қудайдың қәлеўи менен өзлерин бириншиден Ийемизге, соңынан бизлерге бағышлады» (5-аят).

**Нақ-мақ 3:9-10**-Сулайман дийхан мысалын пайдаланып, бизлерге сыйлықтың мәнисин жеткизиўди қәлейди: Қудайдың булағын бизлер таўыса алмаймыз. Ол бизлер неге мүтәж екенимизди ҳәм ҳәтте оннан да көбирек болыўы ушын ғамхорлық етиўи ҳаққында ўәде береди.

***Ҳәптелик жоба***

1. Нақ-мақ 3:9-10 - ды аятлар ушын қалташаның тесигине жайластырың. Қалташаға өткен

ҳәптеде ядланған Коринф 2-х 4:5 аятты, изинен В ҳәм Г сериядағы басқа карточкаларды жайластырың.

2. А сериясындағы 6 аятты Б сериясындағы аятлар менен өзгертиң.
3. Қалташадағы В сериядан және бир карточка шығарың (Петрдиң 1-х 5:7) ҳәм оны В сериядағы басқа жетеўи менен бирге аятлар ушын қутышаға жайластырың.
4. Әдеттеги тәртипке тийкарланып, аятларды ядлаң ҳәм қайталаң. Досларыңыз бенен сөйлескенде ямаса хатыңызда сиз бир аяттың үстинде ойланғаныңызды бөлисиўге мүмкиншилик табыўға ҳәрекет етиң.

### *ӨСИП - ти қурайтуғын бөлимлерди қайталаў.*

*«Жарысқа қатнасатуғынлардың ҳәммеси жуўырғаны менен, тек бир адам ғана сый алатуғынын билмейсизлер ме? Сизлер де сый алыўыңыз ушын солай жуўырыңлар. Жарысқа қатнасатуғынлардың ҳәммеси өзлерин барлық нәрседен тыяды. Ал, бизлер мәңгилик тажды алыў ушын ҳәрекет етемиз. Сонлықтан, мен мақсетсиз жуўырған адам сыяқлы жуўырмайман. Жудырығымды бийкарға силтеп, ҳаўаны урған адам сыяқлы болмайман. Ал, басқаларға Хош Хабарды жәриялап, өзим ылайықсыз адам болып қалмаўым ушын өзимди тыйып, денемди бағындырып атырман».*

Коринф. 1-х 9:24-27.

Бул үзинди масихыйдың өмирин жуўырыў сыяқлы сүўретлейди. Бул жуўырыўда дурыс мақсетлер қойыў ҳәм оларға ерисиўге талпыныў, өзин басқарып билиў, дана болыў кереклиги ҳаққында айтылады. ӨСИПти қурайтуғын бөлимлер бизлерге бул жарыста жеңиўимизге жәрдем береди:

Ө-Өз өсиўинди тексериў.

С-Сениң жеке күнделигиң.

И-Ибадат ҳәм оларға жуўаплар.

П-Пухараларға Хош Хабар айтыў.

Бул ӨСИПти қурайтуғыны ҳаққында 4-курста айтылды. Сонда бизлер Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги ҳәм Хош Хабар бойынша жазыўлар менен ислестик. Қайталаў ушын 4-курстағы 15-18-бетлерден оқып шығыўыңызға болады. Бул курста бизлер жеке ҳәм дуўа етиў күнделиги менен ислеймиз.

11-сабаққа кейинги тапсырмаларды орынлаў шәрт:

***Жеке күнделик***-Кейинги төрт ҳәптеде кеминде үш жазыў ислеўиңиз шәрт. Ҳәмме үш жазыў бир ҳәпте даўамында болмаўы керек.

***Дуўа етиў ҳәм оларға жуўаплар***-Кеминде бес өтиниш (тилек) жазыў керек. Еки ҳәпте даўамында олар ҳаққында ең болмағанда ҳәптесине бес күн дуўа етиң (Китаптың ақырында дуўа ететуғын өтинишлер ҳәм усы өтинишлердиң жуўабын жазыў ушын таза бетлер берилген).

Бул ӨСИПти қурайтуғын екеўиниң үстинде ислеп атырғанның нәтийжесин сизлер 11-сабақта талқылайсыз.

**8-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 8-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты үйрениң ҳәм талқылаң (31 б). «Сақыйлық пенен бериңлер» темасы бойынша екинши аятты ядлаң, Коринф 2-х 9:6-7.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 4-бабындағы «Руўхый гүрес» темасы бойынша 1-14 сораўларына жуўап бериң (63-65 б).

# 8-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Сақыйлық пенен бериңлер» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Коринф. 2-х 9:6-7.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гууалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабының «Руўхый гүрес» темасы бойынша 1-14 сораўларын талқылаң (63-65 бет).
5. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. *9-сабақ ушын тапсырманы* оқың (31-32 бет).
7. 9-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, сегизинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

5-ТЕМА. САҚЫЙЛЫҚ ПЕНЕН БЕРИҢЛЕР

Павел басқалар менен өзинде барын ҳақ нийети менен бөлисти ҳәм ол дүзген жәмийетте сақыйлық ҳәм шын кеўиллик болды. Ол өзинде барын сақыйлық пенен бөлискенди ҳәм өзин басқаларға арнағанларды мақтады.

***Коринф. 2-х 9:6-7***-Бул үзиндиде Павел бериўшини тұқым себиўши менен салыстырады. Мол зүрәәтке бизлер тек сақыйлық пенен еккен ўақтымызда үмит етсек болады. Бизлердиң Қудайға беретуғынымыз-бул жеке сораў. Қудайға қуўаныш пенен бергени унайтуғынын еске түсирип, бизлердиң ҳәр биримиз Қудай бизлерден нени қәлейтуғынын билиўге талпыныўымыз керек.

***Ҳәптелик жоба***

1. Аятлар ушын қалташаның тесигине Коринф. 2-х 9:6-7 - аятларын, ал қалташаға өткен ҳәптеде ядлаған Нақ-мақ. 3:9-10 - ды изинен В ҳәм Г сериядағы басқа аятларды жайластырың.
2. Қалташадан В сериясынан және бир карточка шығарың (Рим. 8:32) ҳәм оны әлле-қашан сол сериядағы аятлар бар болғаны менен бирге аятлар ушын қутышаға жайластырың.
3. Б сериясындағы аятларды қалташаның басқа бөлегинде болған А сериядағы аятлар менен өзгертиң.

4. Әдеттеги тәртипке тийкарланып
   аятларды ядлаң ҳәм қайталаң.

**9-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** 9-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты үйрениң ҳәм талқылаң (33 б). «Дүньяға гуўалық етиң» темасы бойынша биринши аятты ядлаң, Елшилер 1:8.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабындағы «Руўхый гүрес» темасы бойынша 15-22 сораўларына жуўап бериң ҳәм қысқаша баян дүзиң (66-68 б).
4. ***Ҳәр түрли:***

   а. «Жумыслар дизимин қалай пайдаланамыз» (33-34-б) ҳәм «Күнделикли ҳәм ҳәр ҳәптелик жобаластырыў» (35-37-б) материалын оқың ҳәм үйрениң.

   б. Мағлыўматларды үйрениў күнделигине баҳа қойылыўы ушын онда көрсетилген тапсырмалардың үстинде ислең.

# 9-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Дүньяға гуўалық етиң» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Елшилер 1:8.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабының «Руўхый гүрес» темасы бойынша 15-22 сораўларын талқылаң ҳәм қысқа баянламасын жазың (66-68 бет).
5. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
6. «Жумыслар дизимин қалай пайдаланамыз» (33-34-б) ҳәм «Күнделикли ҳәм ҳәр ҳәптелик жобаластырыў» (35-37-б) материалын талқылаң.
7. *10-сабақ ушын тапсырманы* оқың (37 бет).
8. 10-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, тоғызыншы ҳәпте***

***Үйренилген аятларға ескертиўлер.***

6-ТЕМА. ДҮНЬЯҒА ГУЎАЛЫҚ ЕТИҢ

Масих шәкиртлерине қарап ақырғы сөзинде Оның әҳмийетли ғамхорлығы: бул дүньяның адамлары болғанын көрсетеди.

**Елшилер 1:8**-Ийса Мухаддес Руўхтың күши менен шәкиртлерине олар жайласқан жерден баслап ҳәм дүньяның шетине дейин Оның гуўалары болыўына рухсат беретуғынына ўәде берди.

***Ҳәптелик жоба***

1. Елшилер 1:8 - аятты қалташаның тесигине, ал өткен ҳәптеде ядлаған Коринф. 2-х 9:6-7 - аятты изинен В ҳәм Г сериядағы аятларды басқа карточкалар менен жайластырың.
2. В сериядағы және бир аятты қалташадан шығарың (Филипп. 4:19) ҳәм оны сол сериядағы басқа бар болған аятлар менен бирге қутышаға жайластырың.
3. А сериядағы аятларды қалташаның басқа бөлегинде жайласқан Б сериядағы аятлар менен өзгертиң.

## Жумыслар дизимин қалай пайдаланамыз

Егер сизге жеке ўақтыңызды қалай ақылға муўапық пайдаланыўды, өз жумысымызды қалай нәтийжели дүзиўге болатуғын ҳ.т.б. арналған сабақлық ямаса мақаланы оқыўыңызға туўра келсе, онда сиз бәлким, жобаластырыўдың сондай кең тарқалған жолы ҳәм жумыслар дизими ямаса күнделик сыяқлы шөлкем менен ушырасқан шығарсыз.

Жумыслар дизимин дүзиў аңсат, оны пайдаланыў да аңсат ҳәм соның менен бирге ол жеке ҳәм үй иши турмысында, жумыста ҳәм хызметтиң шөлкеми жақсыланыўына үлкен жәрдем көрсетеди.

Жумыслар дизими-бул сизге зәрүр ямаса ислегиңиз келген басқа ислер дизими емес. Оны дүзиў ушын дәптер ямаса әпиўайы қатты қағаздың бети керек болады. Қандай да жумысты питкерген ўақтыңызда, қарама-қарсысына узақша қойың ямаса оны дизимнен өширип таслаң. Бул сизге жумыс ислегенин жақсы сезиўге жәрдем береди ҳәм тағы бир рет жәнe нени ислеўге туўра келетуғынын көрсетеди.

Сиз жумыслар дизимин күниге бир қәлипте дизиўиңизге болады. Деген менен жумыслар дизимин ҳәптесине, гейде жумыс дизимин келешекте де пайдаланған пайдалы.

## БИР КҮНЛИК ЖУМЫСЛАР ДИЗИМИ

Егер сиз күнниң басында өзиңизди жүдә кеўилли сезсеңиз, онда бул дизимди азанда дүзген жақсы. Буны сиз турған ўақтыңызда, Қудай менен жалғыз қалған ўақыттан кейин, жумысқа кетпестен алдын ямаса сиз жумысқа кириспестен алдын қәлеген ўақытта ислесеңиз болады.

Басқа түри: бул дизимди кеш алдынан дүзиң. Бул жағдайды сиз жобаластырыўға ўақыт сарпламай ҳәм өз жумысыңызды азаннан баслап қуныға ислеўиңизге болады. Өз дизимиңизге күни бойы қайта-қайта қараң. Биринши гезекте не көбирек әҳмийетли болып табылатуғынына дыққат аўдарың.

## ҲӘПТЕЛИК ЖУМЫСЛАР ДИЗИМИ

Ҳәптелик дизимди жазыўда еки усылды қолланыўға болады. Биринshiси, сиз анық билетуғын оларды ҳәпте даўамында не ислейтуғыныңыз ҳаққындағы жумыс дизимин дүзиўден ибарат. Шынында, сизге көп белгилегениңизди табыслы орынлай алмайсыз, бирақ мүмкин, сиз ойлағаныңыздың ҳәммесин ислей аларсыз.

Көплеген адамлар екинши усылды пайдаланады. Бул жағдайлардың табыслы қабатласыўынан ҳәптеде ислей алатуғын жумыслардың ҳәммесин жазыўдан ибарат. Бул ҳақыйқат болмаса да, «әрман-дизими» болады. Онда сиз бул ўақытта ислей алатуғыныңыздан көбиреги жазылған. Бундай дизимнен кейин, ҳақыйқаттан ислеў мүмкин ҳәм керек болған ислерди алыў зәрүр.

## КЕЛЕШЕКТЕГИ ЖУМЫСЛАР ДИЗИМИ

Келешектеги жумыслар дизимине «қосымша» servislер киргизиўге рухсат бериледи. Бул басқа дизимдеги орынланбай қалған жумыс ямаса қашан болса да келешекте сиз орынлағыңыз келген жумыс болыўы мүмкин.

Соның менен бирге ҳәзир ислеў керек емес жумысларды белгилеўге болады, бирақ бир неше ҳәпте ямаса айдан кейин ислеў керек болады. Оларды кейин умытпаў ушын оларды дәрриў жазыў керек. Соның менен бирге ҳәр бир истиң қарама-қарсысына оның жуўмақлаған күнин қойған жақсы. Егер сизде календарь бар болса, онда келешектеги жумыслар дизимин календардың керекли күнниң қарама-қарсысына жазсаңыз болады.

## ҮШ ТҮРЛИ ДИЗИМНИҢ ҮЛГИСИ

**Күниге:**

5-февралға.

| | |
|---|---|
| Алексейге қоңыраў етиў | Электр қуўатына төлеў |
| Топарымыз ушын дуўа етиў | Ромаға қоңыраў етиў |
| Азық-аўқатқа барыў | Римлилерге жазылған хатты оқыў |
| Костя ҳәм Наташаға хат жазыў | |

**Ҳәптелик:**

4-10-февралға дизим.

| | |
|---|---|
| Дәлиздеги светти оңлаў | Маркаларды сатып алыў |
| Тимофейдиң 1-х 4-бабы бойынша Мухаддес Китапты үйрениў | Алексейге қоңыраў етиў |
| Базар күни анама барыў | Тиске талон алыў |
| Балалар менен киноға барыў | Лыжаларға барып келиў |
| Аяқ кийим сатып алыў керек ямаса яқ. | Костя ҳәм Наташаға хат жазыў |

**Келешекке:**

| | |
|---|---|
| Таза обойларды желимлеп шығыў | Сүўретлерди басып шығарыў |
| Еремия китабын оқып шығыў | Китаплар ушын текше ислеў |
| Романы көриўге барыў | |
| Балаларды цирке алып барыў | |

***Күнделикли ҳәм ҳәр ҳәптелик жобаластырыў***

## ЖОБАЛАСТЫРЫЎ УШЫН ЎАҚЫТ

Әдетте ҳәптелик жобаластырыў ушын оннан отыз минутқа дейин талап етиледи. Қыйын жағдайларда көбирек ўақыт талап етилиўи мүмкин.

Жобаластырыўды сиз ўақтыңыз барында ҳәм жумыстың көлемин жақсы көз алдыңызға келтирген ўақытта шемби ямаса екшемби күни шуғыллансаңыз болады. Гей биреўлер ҳәптелик жобаны биринши күн азанда дүзген жақсы деп есаплайды. Сизге көбирек туўра келетуғын ўақытты алың.

## ЖОБАЛАСТЫРЫЎ УШЫН КЕҢЕС

Ҳәр ҳәптелик жобаластырыўды күниге дүзилген жумыслар дизими менен бирге алып барыў жүдә қолайлы. Бул усыл әпиўайы, бирақ нәтийжели. Төменде келтирилген кеңеслер сизге жумысыңызды жобаластырыўға жәрдем береди.

**Ҳәптелик жумыслар дизимин дүзиң.**

Сиз усы ҳәптеде ислеўди қәлеген ҳәмме ислерди санап шығың. Әлле-қашан айтылғанындай-бул «әрман дизими». Ҳәзирше бул жумыслардың қайсысы көбирек әҳмийетли, қайсысы кемирек, оларды орынлаўда қандай ҳақыйқый мүмкиншилик барлығын ойламаң-тек жумыслар дизимин дүзиң.

**Дүзилген дизимге қарап шығың.**

Дизимге қарап, оған баҳаңызды бериң ҳәм ол ҳаққында дуўа етиң. Еки-үш, бәлким он-он бес минут талап етилиўи мүмкин. Кейин биринши гезекте ислейтуғын зәрүр ислерди анықлап алың. Гей бир ислерди бул ҳәптеде питкериў керек, басқалары күтип турады.

Сол ямаса басқа ислердиң бириншилигин анықлап бериўге жәрдем беретуғын үш тәртип:

*Мүддет*-Үйге тапсырманы сабақтан алдын орынлаў керек. Квартира ямаса телефон ушын ҳақын өз ўақтында төлеў керек, соның ушын сол ямаса басқа жумыс бүгин ямаса бул ҳәптеде айрықша әҳмийетли болыўы мүмкин, соның ушын оны белгиленген мүддетте орынлаў керек ҳәм бул мүддет жақынлап киятыр.

*Әҳмийетлилик*-Сол ямаса басқа жумыстың ҳақыйқатында қандай әҳмийетли екенин анықлаң. Мысалы, дуўа етиў, ҳаялыңыз бенен биргеликте жобаластырған ислериңиз, асығыс жазылған хат әҳмийетли ислер қатарына киреди.

*Алды бурынғы жумыс*-Гейде әҳмийетли исти алды бурынғы жумыссыз орынлаў мүмкин емес. Мысалы, басқа қалада жасайтуғын достын көрип қайтыўға, буннан алдын поезд ямаса самолетқа билет алмасақ көриў мүмкин емес. Соның ушын алды бурынғы жумыс жүдә әҳмийетли болады. Сизден көбирек дыққат ҳәм күшти талап ететуғын биринши дәрежели исти орынлаў ушын анық күнлерди белгилең. Белгиленген ҳәптениң күнлеринде күнделикли машқалалардан тысқары олардың биреўин орынлаўға ҳәрекет етиң. Егер ҳәптеде қандай да анық күнлерде сизге әҳмийетли ушырасыў

туўра келсе, оларды усындай биринши дәрежели ислер қатарына киргизиўди умытпаң.

Енди бул ҳәпте ушын дизимдеги қалған ислерди күнлерге жазыўға болады. Деген менен сиз бул күннен алдын ҳәр күни жумыстың көлемин анықлап алатуғын боласыз.

Олардың әҳмийетлилигиниң дәрежеси бойынша қандай да анық күнди жобаластырған ***ҳәмме исти рақамлап шығың***: биринши дәрежелиден, кем әҳмийетке дейин. Сиз биринши гезекте көбирек әҳмийетли исти ислейтуғыныңызды Қудайдың алдында шешип алың.

Енди сиз ҳәптеге улыўма жоба ҳәм анық күнге анық жоба дүзип алдыңыз. Сиз бул күни ислеп үлгере алмағаныңызды кейингиге өткериң ямаса жобаның қайсы бир күнине киргизип қойың.

Ҳәр бир таза күнге дизим дүзип атырып, өз ҳәптелик жобаңыз бенен салыстырың. Егер сиз келешекке дизимди пайдалансаңыз, онда буларды да есапқа алыў керек. Күниге дизим-бул тийкарғы қурал. Ол сизге үлкен жәрдем көрсетеди. Ҳәптелик жоба ҳәпте даўамында күнине дизимди дүзиўди негизги хызметин атқарады.

Ҳәпте жуўмақланғаннан кейин жәнe ҳәптелик жоба дүзиң. Бәлким, сизге жаңа ҳәптедеги жобаға алдыңғы ҳәптедеги дизимнен бир неше жумысларды киргизиўге туўра келер. Ҳәптелик дизимге жәнe де келешек ушын дизимдеги ислерди де киргизиўге болады.

Мухаддес Руўх сизди қай жерге алып барып атырғанын сезиўге ҳәрекет етиң. Дуўа етиўиңиз күниге ҳәм ҳәптелик жобаластырыўдың ажыралмас бөлеги болсын ҳәм сизиң жобаларыңыз Мухаддес Китаптың тийкарына ҳәм биринширлигине негизленип дүзилсин.

1-курс 22-26-беттеги Чарльз Хаммелдиң «Асығыс истиң ҳүкими астында» мақаласын оқып шығыў пайдалы болады.

**10-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:***

   а. 10-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсиятты изертлең ҳәм талқылаң (38-б). «Дүньяға гуўалық етиң» темасы бойынша екинши аятты ядлаң, Матта 28:19-20.

   б. Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң биринши 48 аятының темалары ҳәм силтемелерин қайталаң. Темалары ҳәм силтемелери бойынша тексериў жумысларын таярлың. Мағлыўматларды үйрениў күнделигине баҳа қойыўы ушын бул жумысларды толық орынлаў кереклигин умытпаң.

2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.

3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 5-бабындағы «Масихтың қайта келиўи» темасы бойынша 1-7 сораўларына жуўап бериң (69-71-б).

4. ***Ҳәр түрли:*** Мағлыўматларды үйрениў күнделигиндеги «бир күнлик ислер дизими» бөлимине баҳа алыў ушын дизимди жети күн даўамында пайдаланыў керек. Бул тапсырманы 11-сабақта жуўмақлаң.

# 10-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Дүньяға гуўалық етиң» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Матта 28:19-20.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек)Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 5-бабындағы «Масихтың қайта келиўи» темасы бойынша 1-7 сораўларын талқылаң (69-71-бет).
5. Ҳәр бир жетекшиниң жумысына қысқа баҳа бериң.
6. 39-40-беттеги *Мухаддес Жазыўды ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң* биринши 48 аятларының темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериўди өткериң.
7. *11-сабақ ушын тапсырманы* оқың (40-бет).
8. 11-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин таярлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

### *Мухаддес Жазыўды ядлап алыў ушын нәсият, онышы ҳәпте*

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

6-ТЕМА. ДҮНЬЯҒА ГУЎЛЫҚ ЕТИҢ

**Матта 28:19-20**-Масихтың уллы тапсырмасы ҳақыйқый шәкирттиң пүткил өмирине тәсир көрсетип, жүрегинде бәрқулла қалады. Сизлер ҳәмме елге Хош Хабар айтыўда қатнасыўыңызға, жасап атырған жериңизде Қудай нени нәсиятлағанын үйретиўиңизге, елшилер ушын дуўа етиўде, елшилердиң мүтәжликлерине қурбанлық етсеңиз болады. Ең әҳмийетлиси, өз орныңызды Қудайдың мақсетин ийелеўге таяр болың.

***Ҳәптелик жоба***

1. Бул ҳәптеде ядлап алыў ушын Матта 28:19-20-аятты қалташаның тесигине орналастырың. Қалташаға өткен ҳәптеде ядлаған Елшилер 1:8 - аятты изинен күнде қайталаў ушын Г сериясындағы басқа карточкаларды жайластырың.
2. В сериядағы ақырғы еки карточканы алың (Еврей. 2:18 ҳәм Забур 118:9-11) ҳәм оларды бул сериядағы басқа карточкалар менен бирге жайластырың. Кейин ҳәр ҳәптелик қайталаў барысында В

серия қарточкаларын А ҳәм Б серия аятлары менен өзгертиң.

3. Әдеттеги көрсетпелерге тийкарланып, аятларды ядлаң ҳәм қайталаң. Ҳәр күни В ҳәм Г сериядағы аятларды қайталаң.
4. Ядлаған аятлардың контексти менен танысыўды умытпаң.
5. Ядлап алыўдың тематикалық дүзилисиниң барлық 48 аятының темалары ҳәм силтемелерин қайталап, бул сабақта дүзилген өзин-өзи тексериўге таярланың.

### *Аятлардың темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериў.*

Бос қатарларды темалар ҳәм силтемелерге туўра келетуғыны менен толтырың. Мағлыўматларды үйрениў күнделигине баҳа алыў ушын ҳәмме қатарларды дурыс толтырыў керек.

А. ______________________________________________

Б. __________________________________________

1. ________________________ ___________________________
___________________________
2. ________________________ ___________________________
___________________________
3. ________________________ ___________________________
___________________________
4. ________________________ ___________________________
___________________________
5. ________________________ ___________________________
___________________________
6. ________________________ ___________________________
___________________________

В. ____________________________________________________

1. ____________________________ ________________________________

________________________________

2. ____________________________ ________________________________

________________________________

3. ____________________________ ________________________________

________________________________

4. ____________________________ ________________________________

________________________________

5. ____________________________ ________________________________

________________________________

6. ____________________________ ________________________________

________________________________

Г. ____________________________________________________

1. ____________________________ ________________________________

________________________________

2. ____________________________ ________________________________

________________________________

3. ____________________________ ________________________________

________________________________

4. ____________________________ ________________________________

________________________________

5. ____________________________ ________________________________

________________________________

6. ____________________________ ________________________________

________________________________

**11-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** «Масихтың шәкирти болың» темасындағы ҳәмме он еки аятты ядтан цитаталап айтып бериўге таярланың. Мухаддес Жазыўды ядлап алыў бойынша ҳәмме тапсырмалардың жуўмақланғанының үстинде ислең.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның* 5-бабындағы «Масихтың қайта келиўи» темасы бойынша 8-19-сораўларына жуўап бериң ҳәм қысқаша баянлама дүзиң (71-74-б).
4. ***Ҳәр түрли:*** сиз 7-сабақта талқылаған ӨСИПти қурайтуғын еки бөлими бойынша орынланған жумысыңыз ҳаққында айтып бериўге таярланың.

# 11-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм сиз бул курста ядлаған ҳәмме он еки аятты қайталаң.
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса *көпир сүўретлемесин* қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Жеке күнделик ҳәм дуўа еткенге жуўапты жазатуғын бетлерди пайдаланыўды нәтийжесин талқылаң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 5-бабындағы* «Масихтың қайта келиўи» темасындағы қысқаша баянламаны ҳәм 8-19-сораўларды талқылаң (71-74-бет).
6. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
7. *12-сабақ ушын тапсырманы* оқың (төменге қараң).
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

## 12-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядлап алыў:*** В ҳәм Г сериядағы ҳәмме аятларды қайталаң. Ендиги ҳәптеде оларды ядтан цитаталап айтып бериўге таярланың.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Ҳәр түрли:*** кейинги сабақта Мағлыўматларды үйрениў күнделигиниң ҳәр бир бөлиминде баҳа барлығын тексериң.

# 12-САБАҚ

## САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм В ҳәм Г сериядағы ҳәмме аятларды қайталаң (барлығы 24).
2. Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Қалған ўақтыңызды дуўа етиў сәўбетине арнаң.

   а. Сиз бул курс даўамында Мухаддес Китапты изертлеп билгениңизди өмирде табыслы қолланыў ушын.

   б. Сиз 5-курста үйренгениңизди көбирек тереӊ түсиниў ҳәм табыслы қолланыў ушын дуўа етсеңиз болады.

«Оқыўшылықтың этапы», 5-китап

# ИСЕНИМНИҢ НЕГИЗИ

Бул курста сизлер Қудай сөзиниң гейбир тийкар болатуғын ҳақыйқатларын изертлейсиз. Сизге кейинги бес теманы изертлеўиңизге туўра келеди:

- Қудайдың тийкары
- Қудай сөзиниң абройы
- Мухаддес Руўх
- Руўхый гүрес
- Масихтың қайта келиўи

Бул ҳақыйқатларды билип алып, сиз өмириңиздиң беккемлилигинен ҳәм ишки тынышлыққа толғанын көресиз.

Сиз ҳақыйқатлықты Қудайдың көз-қарасы менен көбирек қабыл ететуғын боласыз.

Жыршы былай деген: «Нызамынды сүйгенлер тынышлыққа бөленеди ҳәм оларға тосқынлық болмайды» (Забур 118:165). Бул ҳақыйқатларды билиў сизге турақлы жүриўде жәрдем береди ҳәм жүрегиңизге Қудайдың сөзин терең киргизген ўақтыңызда үлкен қуўаныш сезесиз, өмириңизди Оның нәсиятларына келисип қуратуғын боласыз.

Қудай сизди неге үйреткенин орынлаўға таярланып, мәңгилик ҳақыйқатларды түсиниўге ақылыңызды ашып, Мухаддес Жазыўды үйрениң. Абайлы болың! Гүнаға, менменликке, исенбеўшиликке берилмең-булардың ҳәммеси сизди үйреткиси келетуғын ҳәм сизге Өз жарылқаўын бергиси келетуғын Қудайға кесент береди. Қудай сизиң өмириңизди Оның сөзлерин үйрениў арқалы өзгертиўи ушын дуўа етиң.

**1-бап.**

## *ҚУДАЙДЫҢ ТИЙКАРЫ*

Адам өз күши менен ҳеш қашан белгисиз нәрсеге бир адым ата алмайды ҳәм Қудайды аша алмайды. Егер тек Ол Өзин көрсетпесе, бизлер Оны биле алмаймыз. Қудай Өзин көрсетти ме? Аўа!-деп айтады Мухаддес Китап. Мухаддес Жазыўда биринщиден соңғы бетке дейин Қудайдың тийкары ҳаққында айтылатуғын ашылысларға толы.

### *Қудай қандай?*

1. Мухаддес Жазыўда жазылған Қудайдың бир неше атын жазың.
   Жарат. 17:1 ______________________________________________
   ______________________________________________
   Забур 94:6 ______________________________________________
   ______________________________________________
   Лука 11:2 ______________________________________________
   ______________________________________________
   Тимофей 1-х 6:15 ________________________________________
   ______________________________________________

   *«Сол ямаса басқа уқсас Атты қолланыў ҳеш қашан тосаттан болмайды... ҳәр бир Қудайлық Ат Қудайдың тийкарының белгиленген аспектин ямаса үзиндиде не ҳаққында айтылып атырғанды түсиниўге хызмет ететуғын жолдың негизин ашып береди».*

   Т.К. Хаммонд.

2. Ийшая 45:18-24 ти оқың. Бул үзиндиде бар болған Қудай ҳаққындағы бир неше ҳақыйқатты санап шығың.
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

3. Қудай ҳаққында және не билиўге болады?

Ийшая 40:28 ______________________________________________
______________________________________________
Юхан 4:24 ______________________________________________
______________________________________________

4. Төменде келтирилген силтемелерди қатарлары бойынша оларда айтылғаны ҳаққында Қудайдың қәсийетлери менен туўра келтирип бөлистириң. Ҳәр бир аяттың мазмунын қысқа баянлаң.

*Забур* 89:2; *Еремия* 23:24; *Яқып* 1:17; *Юхан* 3:20.

а. Қудай қүдиретли

__________________________ __________________________

б. Қудай билгир

__________________________ __________________________

в. Қудай ҳәмме жерде

__________________________ __________________________

г. Қудай мәңги

__________________________ __________________________

д. Қудай өзгермейди

__________________________ __________________________

5. 1 Жылнама 29:10-13 те жазылған Даўыттың дуўа етиўинде, Қудай ҳаққында не айтылған?

Бул аятларды өзиңиздиң дуўа еткениңиз сыяқлы, өз сөзиңиз бенен жазың, ал кейин ол қандай болса, сондайлығынша Қудайға алғыс айтың. Буны жийи ислеўди умытпаң.

*«Сөзсиз ойымызды ийелеўге болатуғын ең уллы пикир-бул Қудай ҳаққындағы пикир».*

А.В. Тозер.

6. Адам Қудайға жүдә уқсас болып жаратылған ҳәм соның ушын Қудайдың бир неше қәсийетлери адамда көриниўи керек. Төменде берилген аятлардың биреўине сүйенип, Қудайдың белгили қәсийетин айтың ҳәм ол өмириңизде қалай көриниў кереклигин айтың.

| | БУЛ ЖЕРДЕ ҚУДАЙДЫҢ ҚАНДАЙ ҚӘСИЙЕТИ ҲАҚҚЫНДА АЙТЫЛАДЫ | ОЛ ӨМИРИҢИЗДЕ ҚАЛАЙ КӨРИНИЎ КЕРЕК |
|---|---|---|
| Нызам қайталаў 7:9 | ________________________ ________________________ | ________________________ ________________________ |
| Забур 118:137 | ________________________ ________________________ | ________________________ ________________________ |
| Забур 129:3-4 | ________________________ ________________________ | ________________________ ________________________ |
| Петрдиң 1-х 1:15-16 | ________________________ ________________________ | ________________________ ________________________ |
| Юханның 1-х 1:5 | ________________________ ________________________ | ________________________ ________________________ |
| Юханның 1-х 4:16 | ________________________ ________________________ | ________________________ ________________________ |

7. Бизлердиң машқаламыздың ҳәммеси бизлердиң Қудай ҳаққындағы көз-қарасымыз бенен байланыслы. Қудайдың қандай екенин түсинбеў, көплеген күшли ишки қарама-қарсылыққа алып келиўи мүмкин. Мысалы, егер сиз Қудайдың кеширетуғынына исенбесеңиз, онда сизди бәрқулла гүна сезими басып турады. Алдыңғы сораўларға қарап, Қудайдың ҳақыйқатлығын минезлейтуғын бир нешеўин алың ҳәм Қудайдың бундай қәсийетлери менен таныс емес адамда қандай машқала пайда болатуғынын түсиндирип бериң.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

8. Мухаддес Жазыўда көплеген қуўанышлы ҳақыйқаттың биреўи-бул Қудайдың қудирети, ҳәммеси Оның бийлигинде. Кейинги аятларда Қудайдың қудирети қалай айтылады?

Нақ-мақ. 21:1 ______________________________________________

____________________________________________________________

Ийшая 14:27 ______________________________________________

____________________________________________________________

Елшилер 4:26-28 ___________________________________________

____________________________________________________________

*«Мухаддес Китап Қудайды тек Руўх ҳәм Жекелик емес деп айтады. Ол-Мухаддес ҳәм Әдил Жекелик. Жаратылыстан баслап Аянға дейин Қудай Өзин бизлерге Мухаддес... ҳәм Ҳақыйқый... етип көрсеткенин көремиз. Тап Қудайдың Мухаддеслигинде бизлер Масихтың өлимин түсиндирип бергенин*

*көремиз. Оның Мухаддеслиги гүна ушын әдил төлемди талап етти, ал Оның сүйиспеншилиги Ийса Масихты жиберип, гүналар ушын қун төледи ҳәм адамға қутқарылыў берди».*

Билли Грим

### *Қудай не ислейди?*

9. Қудай бүгин дүньяда қандай ислер ислеп атыр?

2 Жылнама 16:9 ______________________________________________

______________________________________________________________

Забур 74:6-7 _________________________________________________

______________________________________________________________

Елшилер 14:17 _______________________________________________

______________________________________________________________

10. Төменде берилген аятлар, Қудай Өзин адамларға қалай көрсеткени баян етилген. Дурыс жуўапларды алың.

| | | |
|---|---|---|
| *Забур 39:7* | ____________________ | пайғамбарлар арқалы |
| *Рим. 1:19-20* | ____________________ | Масихта |
| *Рим. 2:15* | ____________________ | жаратылыстан |
| *Еврей. 1:1* | ____________________ | адамлардың ҳүжданы |
| *Еврей. 1:2* | ____________________ | Мухаддес Китаптан |

11. Еремия 31:3, Ефес 3:19 ҳәм Юхан 3:16 - ны оқың.

а. Бул аятларда Қудайдың сүйиспеншилиги ҳаққында не айтылғанын қысқаша жазың.

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

б. Сиз қалай ойлайсыз, не ушын Қудайдың сүйиспеншилигин сезиў ҳәм билиў әҳмийетли?

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

12. Забур 45:2 - ни оқың.

а. Бул жерде Қудай қалай баян етилген?

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

б. Сиз буны өмириңизде қалай сезгениңизге мысал келтириң.

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

## *Қудай сизден нени күтеди?*

*«Мениң Қудай алдындағы жеке жуўапкершилигим-бул мениң қашан болса да нениң үстинде ойланғанымның ең әҳмийетлиси».*

Дэниел Вебстер.

13. Забур 45:11 Қудайды билиў ҳаққында не дейди?

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

14. Қудай нени қәлейди? Забур 50:17-18.

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

15. Сиз Қудайға қалай жуўап бериўиңиз керек? Забур 94:6.

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

16. Төменде берилген силтемелерди пайдаланып, Қудайды билиў пүткиллей керек екенин түсиндиретуғын бир неше гәпти жазың. Мухаддес Нызамды қайталаў китабында 10:12, Забур 99:4, Еврей 11:6.

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

Ҳәмме жағдайларда Қудай бизлердиң пайдамыз ушын ҳәрекет етеди. Ҳәмме әжайып болған ўақытта Ол бизлердиң миннетдаршылығымызды: ислеримиз мәниссиз болған ўақытта сынайды, Ол бизлердиң азғантайға қанаат ете алатуғынымызды: ҳәр ўақыттағы сәтсизликте Ол бизлерди бағышланыўшылыққа тәрбиялайды, қыйыншылықта ҳәм улыўма бәрқулла бизлердиң бойсыныўымыз ҳәм Оған исениўимизди тексереди.

17. Даўыт өзиниң баласына нени нәсиятлайды? 1 Жылнама 28:9.

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

18.

а. Бул бапта үйренгениңизге тийкарланып, сиз Қудайға бойсыныўды қалай түсинетуғыныңызды қысқаша түсиндириң.

б. Сиз қалай ойлайсыз, не ушын Қудайға бойсыныў масихыйдың өмиринде әҳмийетли?

в. Қудайға бойсыныўды арттырыў ушын сиз не ислейсиз?

## ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА

Бул баптың бөлимлерин қарап шығың ҳәм оларды жоба ретинде пайдаланып, өз бетиңизше қысқаша баянлама дүзиң.

## *ҚУДАЙ СӨЗИНИҢ АБРОЙЫ*

Егер сизиң Қудайдың сөзине бойсыныўыңыз тынышлығыңызға, ҳәмелиңизге, шаңарақ ямаса өмириңизге қәўип салса, сиз не ислер едиңиз? Сизиң сөзге тәрепдарлығыңыз жоқ болып кетпей ме? Сиз шешимиңизди неге тийкарлаған болар едиңиз? Мүмкин сизге әлле-қашан бундай шешим қабыл етиў туўра келген шығар? Бул бапта сизге Қудай сөзиниң қәншелли абройлығын үйрениўге ҳәм өмиримизде қәлеген шешим қабыллаў ушын исенимли ҳәм жетерли екенин көриўимизге туўра келеди.

### *Сөздиң авторы*

1. Мухаддес Жазыўды дөреткен адамлар болып, олардың ҳәмме сөзи Қудайдан келип шыққанын қалай көрсетти?
   Нызам қайталаў 28:1-2 ____________________________________
   ____________________________________________________________
   Патшалар ҳаққында 2-китап 23:1-3 __________________________
   ____________________________________________________________
   Еремия 1:6-9 ______________________________________________
   ____________________________________________________________
   Салоника 1-х 2:13 __________________________________________
   ____________________________________________________________
2. Павел Мухаддес Жазыўда Қудайдың Руўхы ҳаққында не жазды? Тимофей 2-х 3:16.
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
   (Мухаддес Китаптың Қудайдан руўхланғаны ҳаққында анығырақ мағлыўмат алыў ушын сиз 2-курс материалының 77-84-бетлеринен оқысаңыз болады)
3. Қудай Өзиниң сөзине қандай қатнаста болады? Забур137:2
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________
   ____________________________________________________________

*«Сөз бул Қудайдан ҳәм ол адамлар үстинен бийликке ийе, өйткени ҳәр бир айтылған сөзде ким оны ойлап шығарса сол турады. Айтып атырған өзи (оның минезин, билимин, жағдайын) адамлар оның сөзине қалай қарайтуғынын анықлап береди. Соның ушын Қудай сөзи Қудайлық аброй болып исленген. Бизлер Оның айтқанына исенемиз, себеби Оның тийкары қандай екенин билемиз».*

Джон.Р.В. Стотт.

***Ийса Мухаддес Жазыўға қандай қатнасықта болды.***

4. Матта жазған Хош Хабардың 4:1-11 де Ийсаның сыналғаны ҳаққында баян етилгенин оқың.

   а. Ийса Мухаддес Жазыўды қандай усылда пайдаланды? 10-аят.

___

___

___

б. Ийса Өз шешимин қабылламастан алдын шайтанның усынысын көп ойлады ма? 9-10-аятлар.

___

___

___

в. Ийса бул аятты кимге қаратты: Өзине ме ямаса шайтанға ма?

___

___

___

г. Ийса Мухаддес Жазыўға бойсыныўынан бизлер қандай шешим ислеўимиз керек?

___

___

___

5. Ийса кейинги жағдайларда Мухаддес Жазыўды қандай усылда пайдаланды:

   а. Ҳақыйқый ҳәм жалған бойсыныўдың арасындағы айырмашылықты түсиндиргенде? Марк 7:6-9

___

___

___

б. Қайта тирилиў ҳаққындағы қыйын сораўға жуўап бергенде. Марк 12:24-27

___

___

___

в. Иши қара адам менен тартыстан қашқанда. Лука 10:25-28

___

___

___

6. Не ушын Ийса Өзиниң өлимин атанақта зәрүр деп есаплады? Лука 24:25-27.

___

___

___

7. Ийса Мухаддес Жазыў ҳаққында және не деди?
Матта 5:17-18 ______________________________________________

______________________________________________________

Юхан 17:17 ______________________________________________

______________________________________________________

8. 4-7-сораўлардың мағлыўматын пайдаланып, Ийсаның Мухаддес Жазыўға қатнасы қандай болғанын қысқа жазың.

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

9. Масихтың үлгиси бизлерди неге шақырады?

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

### *Мухаддес Жазыўдың ҳақыйқатлығы.*

10. Кейинги адамлар Мухаддес Жазыўдың ҳақыйқатлығы ҳаққында не дейди?
Ешуа, Ешуа 23:14 ______________________________________________

______________________________________________________

Даўыт, Забур 32:11 ______________________________________________

______________________________________________________

Агур, Нақ-мақ. 30:5-6 ______________________________________________

______________________________________________________

11. Луканың алдын - ала жазған Хош Хабарындағы сөзинен Мухаддес Жазыў ҳақыйқатлығы ҳаққында қандай жуўмақ ислеўге болады? Лука 1:1-4.

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

12. Петрдиң 2-х 1:15-21 - ди оқың.
а. 16-аятта Петр қандай пикир қылады?

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

б. Петр ҳәм басқа шәкиртлер қандай таң қаларлық ўақыяның гуўалары болды? 117:18-аятларды Матта 17:1-9 бенен салыстырың.

______________________________________________________

______________________________________________________

______________________________________________________

в. Петрдиң пикири бойынша аспандағы сазадан гөре не нәрсе көбирек ҳақыйқат болды? 19-аят.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

г. Не ушын ол Мухаддес Жазыўдағы пайғамбаршылықты соншелли исенимли деп есаплады? 20-21-аятлар.

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

13. Орынланған пайғамбаршылықтың қайсысы Мухаддес Жазыў ҳақыйқатлығы ҳаққында көбирек исенимли гууалық етеди? (Егер керек болса, 1-курстың 68-69-бетлериндеги орынланған пайғамбаршылықтың мағлыўматына қараң).

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

### *Сөздиң жеткиликлиги.*

14. Қудайдың сөзи өмириңизде не ислей алады?

Забур 36:31 ____________________________________________________________
______________________________________________________________________

Забур 118:130 __________________________________________________________
______________________________________________________________________

Юхан 15:3 _____________________________________________________________
______________________________________________________________________

Елшилер 20:32 _________________________________________________________
______________________________________________________________________

Тимофей 2- 3:16 _______________________________________________________
______________________________________________________________________

Яқып 1:21 _____________________________________________________________
______________________________________________________________________

15. Зүрәәт бәрқулла егистиң алдында болады. Руўхый зүрәәтти жыйнаў ушын тұқым себиўши не екти? Марк 4:14. ___________________________________

______________________________________________________________________
